

## Aplikasyon pou Otorizasyon pou Peye Travayè Manyèl Mwens Souvan Pase Chak Semèn

Annakò avèk Seksyon 191.1(a) Lwa Travay, yon patwon ka kalifye pou yon varyans si

- nan 3 ane anvan aplikasyon an li te anplwaye yon mwayèn 1,000 moun oswa plis nan eta sa a, oswa
- pou 1 ane anvan aplikasyon an li te anplwaye yon mwayèn 1,000 moun oswa plis nan eta sa a, **epi** pou 3 ane anvan aplikasyon an li te anplwaye yon mwayèn 3,000 moun oswa plis lòt kote ki pa nan eta a
- li bay prèv satisfèzan ki montre li kontinye gen mwayen pou satisfè responsablite pewòl li.

**Reponn kesyon ki anba yo epi bay enfòmasyon nou mande yo pou ou kapab aplike pou yon varyans pou peye travayè manyèl yo chak de semèn oswa de fwa pa mwa:**

1. Non legal patwon anr: \_\_\_\_\_
2. Non komèsyal: \_\_\_\_\_
3. Kalite Òganizasyon Biznis:      Konpayi      Gouvènman      Konpayi Responsabilite Limite  
                                                 Patenarya Responsabilite Limite      Patenarya      Yon sèl pwopriyetè
4. Adrès: \_\_\_\_\_  
Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_
5. FEIN: \_\_\_\_ - \_\_\_\_ - \_\_\_\_ - \_\_\_\_ - \_\_\_\_
6. Non Pwopriyetè/Ofisyè/Manm: \_\_\_\_\_
7. Tit Pwopriyetè/Ofisyè/Manm: \_\_\_\_\_
8. Moun ki ranpli aplikasyon sa a sou non patwon an dwe ekri epi prezante yon lèt fòm reprezantasyon li jwenn nan lyen sa a:  
<https://dol.ny.gov/letter-representation-complainant-representative-ls11>
9. Èske travayè manyèl yo kouvri avèk demann sa a ki prezante avèk yon òganizasyon travay?  
Wi      Non

Si ou reponn wi, bay non, tit, adrès, nimewo telefòn dirèk ak adrès imèl nenpòt ofisyèl travay nan nivo lokal oswa nasyonal ki reprezante anplwaye ki konsène yo. Itilize yon fèy siplemantè, si li nesesè.

10a. Non: \_\_\_\_\_ Tit: \_\_\_\_\_  
(ekri an lèt detache) (ekri an lèt detache)

10b. Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_ Eta: \_\_\_\_\_ Kòd Postal: \_\_\_\_\_

10c. Nimewo Telefòn: (\_\_\_\_) \_\_\_\_ - \_\_\_\_ Imèl: \_\_\_\_\_

**Ou dwe prezante aplikasyon sa a ansanm avèk enfòmasyon ki endike anba a epi ou dwe voye li pa lapòs nan adrès ki endike nan kwen goch fòm sa a. Tout enfòmasyon ki obligatwa yo dwe vini nan yon sèl kourye. Tanpri pa prezante okenn enfòmasyon ki konsène aplikasyon sa a anba yon kouvèti apa.**

- A. Yon dènye dosye pewòl ki prepare nan òdinatè nan nenpòt kote sèlman nan Eta New York. Dosye sa yo ta dwe gen ladan yo adrès kote anplwaye yo travay epi pou chak anplwaye apa bay enfòmasyon sa yo: i) prenon ak on fanmi an ak depatman an oswa metye, ii) salè pa èdtan, iii) kantite èdtan li travay. iv) salè li touche anvan dediksyon, v) dediksyon detaye nan salè a; epitou, vi) salè apre dediksyon yo. Pa mete SSN anplwaye a oswa adrès li oswa nenpòt done ki pa endike nan paragaf sa a. Pa mete pewòl ki gen rapò avèk anpil peryòd peman oswa avèk anpil depatman
- B. Yon transkripsyon kantite moun ou anplwaye ak salè ou peye jan sa anrejistre nan fòm rapòtaj trimèstriyèl NYS-45 biznis ou nan chak dènye twa ane almannak konplè epi pou chak trimès konplè ane almannak ou ye a. Nan okenn sikonstans biznis lan pa dwe prezante yon kopi fòm orijinal la.
- Ou ta dwe ranje enfòmasyon yo nan yon fòm tablè oswa matris avèk yon ranje apa pou chak trimès nan chak ane ki montre (nan lòd dat k ap desann) sòm yo pou kantite moun ou anplwaye yo ak salè ou peye yo jan ou rapòte sa pou chak ane.
- Ou dwe akonpaye transkripsyon an avèk yon afidavit ki siyen ak notarye kote vis-prezidan divizyon biznis lan oswa responsab ki alatèt depatman an pou ranpli fòm atestasyon NYS-45 yo avèk senterite ak presizyon chif yo ki endike nan transkripsyon an.
- If Si biznis ou ap chèche vin kalifye pou yon varyans anba limit 3,000 anplwaye ki dekri byen bonè nan fòm sa a lè sa a biznis ou dwe prezante transkripsyon yo nan menm fòm nan ak done ki konpile nan chif yo sou fòm rapòtaj trimèstriyèl analòg yo itilize nan lòt eta oswa lokalite yo..
- C. Prè ki montre konpayi a kontinye gen mwayen pou satisfè responsablite pewòl li, tankou men pa sèlman yon lèt opinyon yon kontab piblik sètifye ki konfime patwon an pa t gen okenn mankman nan obligasyon li yo pou satisfè pewòl li pandan twa ane fiskal yo anvan aplikasyon sa a.
- D. Si travayè manyèl ki nan Eta Nouyòk reprezante avèk òganizasyon travay, konpayi a dwe prezante lèt ofisyèl sendika a ki bay konsantman yo pou pwolongasyon peryòd peman li mande a, oswa kopi yon kontra ki anvigè kote te gen akò pou peryòd peman an se chak de semèn oswa de fwa pa mwa.
- E. Prè pwoteksyon patwon an pou asirans konpansasyon travayè: Men fòm ki akseptab yo: C-105.2; U-26.3; SI-12, GSI-105.2.

**Nou pa aksepte fòm asirans responsablite Acord kòm prè pwoteksyon asirans pou konpansasyon travayè yo.**

- F. Prè pwoteksyon patwon an pou asirans pou andikap: Men fòm ki akseptab yo: DB 120.1; DB-155.
- G. Prè ki montre pa gen manda ki annatant poutèt patwon an pa remèt ba leta dediksyon taks yo sou revni pèsònèl. Prè patwon an bay alekri pou Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance) (adrès la endike anba a) pou yo bay yon lèt ki sètifye enfòmasyon sa a. Sonje pou endike Nimewo Federal Idantifikasyon Patwon an (Federal Employer Identification Number, FEIN).
- H. Prè ki montre pa gen manda annatant kont patwon an poutèt li pa remèt kotizasyon yo pou asirans chomaj. Divizyon Asirans Chomaj ka ban nou prè la dirèkteman, si fonksyonè ki responsab patwon an egzekite FÒM DEHAJ ki nan dosye a.

**Lèt la dwe akonpaye aplikasyon an, pa voye l nan anba yon kouvèti apa..**

New York State Department of Tax and Finance  
Technician III Building #8, Room 700  
1220 Washington Ave.  
Albany, NY 12226  
Telefòn: 518-530-4362

**Deklarasyon: Mwen menm, aplikan ki siyen nan dokiman sa a, kòm yon ofisyèl ki responsab antrepriz sa a, konfime konpayi ki gen non li mansyone pi wo a te (koche youn):**

nan 3 ane anvan aplikasyon sa a, anplwaye yon mwayèn 1,000 moun oswa plis nan Eta Nouyòk oswa:  
pandan 1 ane anvan aplikasyon sa a, anplwaye yon mwayèn 1,000 moun oswa plis nan Eta Nouyòk epi li  
te pandan 3 ane anvan aplikasyon an, anplwaye yon mwayèn 3,000 moun oswa plis yon lòt kote ki pa eta a.

Mwen konprann lè m siyen mwen bay otorizasyon pou Komisè Travay la bay aksè ak dosye avantaj Asirans Chomaj (U.I.) m nan.

Non: \_\_\_\_\_ Tit: \_\_\_\_\_

Siyati: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

**Pa gen frè pou peye pou aplikasyon an.**

## Fòm Dechaj – Divilgasyon Enfòmasyon

Dapre demann lan, moun ki fè li,

---

(ekri non legal PATWON an lèt detache)

pou peye travayè manyèl li yo chak de semèn oswa de fwa pa mwa,

Mwen, \_\_\_\_\_,

(Ekri NON fonksyonè responsab ki siyen fòm dechaj la an lèt detache)

---

(ekri TIT fonksyonè responsab ki siyen fòm dechaj la an lèt detache)

nan fòm sa a bay otorizasyon pou Divizyon Asirans Chomaj la divilge dosye li, si genyen, ba Inite Pèmi ak Sètifika Divizyon Kondisyon Travay Depatman Travay Eta New York konsènan responsablite patwon sa a konsènan taks pou Asirans Chomaj.

\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_  
(ekri Nimewo Idantifikasyon Federal Patwon an - FEIN)

\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_  
(ekri Nimewo Anrejistreman Patwon an pou Asirans Chomaj ER#)

---

Siyati

\_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_  
Dat

Depatman Travay Eta Nouyòk, Divizyon  
Nòm Travay  
1220 Washington Ave., Building 12, Room 185B, Albany, NY 12226  
Telefòn: (518) 457-1942 Faks: (518) 457-2731